

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda di sakola kudu bisa ngaronjatkeun pangaweruh widang kognitif, afektif jeung psikomotor murid sacara saimbang tur leuwih condong kana kamahéran dina maké basa Sunda (pragmatik).

Kamahéran dina maké basa Sunda teu leupas tina makéna tatakrama basa Sunda (UUBS). Nurutkeun Budi Rahayu Tamsah (1987:9) undak usuk basa téh panta-pantana basa, dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana.

Dipakéna tatakrama basa Sunda téh dipiharep masarakat Sunda bisa silih ajénan, leuwih jauhna mibanda budi pekerti luhung. Tatakrama campur gaul masarakat Sunda anu nunjukkeun kautamaan budi bisa kabandingan dina ungkara-ungkara babasan saperti; hadé ku omong goréng ku omong, hadé tata hadé basa, hadé gogog hadé tagog jeung silih asah, silih asih, silih asuh, jsb.

Hal éta méré gambaran yén di masarakat Sunda, basa téh salasihiji alat pikeun silih ajénan jeung silih hormat. Ayana ragam hormat dina basa Sunda téh nunjukeun rasa hormat anu nyarita kanu dibawa nyarita atawa anu dicaritakeunana.

Dina pangajaran basa, Tarigan (1981:1) nétélakeun opat kaparigelan basa nu perlu ditepikeun ka siswa nya éta kaparigelan nyarita, maca, nulis, jeung ngaregepkeun. Dina prak-prakanana prosés diajar-ngajar ieu kaparigelan téh silih

pangaruhan antara kaparigelan anu hiji jeung kaparigelan anu séjéna. Éta kaparigelan téh dibagi kana bahan pangajaran pamahaman jeung bahan pangajaran panggunaan. Bahan pangajaran pamahaman ngawengku kaparigelan ngaregepkeun jeung maca, sedengkeun bahan pangajaran panggunaan ngawengku kaparigelan nyarita jeung nulis. Nulis kaasup bahan pangajaran panggunaan luyu jeung GBPP Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Sunda 1994 rambu-rambu 16, anu unina: *“bahan pangajaran penggunaan diambil dari bahan berbicara dan menulis yang melalui pengembangan kemampuan pengungkapan gagasan, pendapat, perasaan, dan pengalaman.”*

Tujuan pangajaran nulis miharep sangkan siswa mampuh ngébréhkeun gagasan, pamadegan, kahayang, jeung pangalaman anu ditepikeun dina wangun tinulis, boh anu sipatna imajinatif atawa non imajinatif. Dina nulis, utamana nulis surat bisa kaukur kamampuh siswa dina maké basa, utamana anu patali jeung tatakrama basa.

Ditilik tina jihat basa, surat téh mangrupa omongan winangun tulisan atawa karangan. Nurutkeun fungsina, surat téh mangrupa alat atawa sarana komunikasi. Surat mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi atawa wawaran anu ditulis ka pihak séjén, boh minangka wawakil diri, boh wawakil organisasi. Informasi atawa wawaran bisa mangrupa katerangan, laporan, paménta, gagasan atawa pikiran anu rék ditepikeun ka pihak séjén.

Basa nu dipaké dina nulis surat bisa mangaruhan kana kalancaran komunikasi, ogé bisa mangaruhan kana susana tatali warga atawa silaturahmi diantara nu ngirim surat jeung nu dikirim surat. Ku kituna, basa nu dipaké kudu

merenah, undak-usukna kudu bener, ungkara kalimahna kudu tartib, gampang kaharti, sangkan ngeunaheun ka nu macana.

Saméméhna geus loba panalungtikan ngeunaan undak usuk basa, diantarana panalungtikan ngeunaan anu judulna “Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamapuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI” (Eka Rubaidah), “Korélasi antara Sikep jeung kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI” (Imas Rahmawati), “Kecap-kecap anu Dianggap Sulit dina Ngagunakeun UUBS ku Mahasiswa JPBD UPI” (Lilis Rosmiati), “Korélasi antara Kasang Tukang jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JBPD UPI” (Hernawan, 1987), “Kamampuh Ngalarapkeun UUBS dina Ngarang Naskah Drama Siswa SMPN 1 Ibum, Majalaya” (Erlin Darlia, 2002), “Tingkat Kasulitan UUBS Siswa Kelas II SMPN 3 Lembang Mangaruhan kana Kamampuh Ngagunakeunana” (Farida, 2001), “Bandingan Téhnik Ceramah jeung Téhnik Latihan dina Ngajarkeun UUBS di SMP 1 Baleendah, Bandung” (Jumiarti Gustiadinigrum, 2001), jeung “Kasalahan Éjahan dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Cibeber Kab. Cianjur Taun Ajar 2004/2005” (Evie Rizki Rahayu, 2001). Ieu panalungtikan mah ngukur tingkat kamampuh siswa SMA dina maké tatakrama basa Sunda ngaliwatan nulis surat nu sipatna pribadi. Ku kituna, judul anu baris diajengkeun dina ieu panalungtikan nya éta “Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa SMA Pasundan 8 Bandung”.

## 1.2 Watesan Masalah

Sangkan tujuan panalungtikan kahontal, perlu dirumuskeun heula masalah-masalah anu jadi objék panalungtikan. anu jadi masalah utama dina ieu panalungtikan nya éta réa nonoman Sunda anu geus teu pati make tatakrama basa dina hirup kumbuh sapopoéna. Lian ti éta, réa anggapan yén diajar undak usuk basa téh hésé. Padahal élmu tatakrama basa (UUBS) téh kalintang dibutuhkeunana pikeun ngangkat ajén jeung ngangkat budi pekerti pamakéna.

Dumasar masalah kasebut, anu baris ditalungtik nya éta tatakrama basa dina nulis surat pribadi anu ditulis ku siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Panalungtik milih nalungtik surat pribadi lantaran dina surat pribadi bisa leuwih kaukur makéna panta-panta basa, boh keur ka sorangan boh keur ka batur. Kitu deui nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X lantaran nurutkeun KTSP nulis surat aya dina pangajaran kelas X.

Nurutkeun Junaedi (1997:1) aya genep tahap undak usuk basa anu dipikawanoh tur dipaké ku masarakat Sunda, nya éta: basa kasar pisan, basa kasar, basa sedeng, basa panengah, basa lemes, jeung basa lemes pisan.

Luyu jeung pangabutuh mangsa kiwari ogé nyoko kana putusan Kongrés Basa Sunda VII taun 2002 di Garut, panalungtikan diwatesanan kana makéna basa lemes (keur ka sorangan jeung ka batur), jeung basa loma wungkul.

## 1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis surat pribadi?
- 2) Kasalahan naon baé anu kapanggih dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis surat pribadi?
- 3) Sakumaha tingkat kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis surat pribadi?

#### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

Unggal kagiatan tangtu miboga tujuan nu geus dirarancang saméméhna sangkan hasilna nyugemakeun. Tujuan umum diayakeunana ieu panalungtikan nya éta hayang mikanyaho nepi ka mana kamampuh ngalarapkeun UUBS dina surat nu ditulis ku siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung, kalawan engkéna bisa dibebener, leuwih jauhna bisa jadi bekel pikeun hirup kumbuh di masarakat.

Sedengkeun tujuan hususna nya éta hayang ngadéskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis surat pribadi.
- 2) Kasalahan anu kapanggih dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis surat pribadi.
- 3) Tingkat kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis surat pribadi.

### 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun:

#### a. Siswa

- 1) Latihan ngébréhkeun gagasan, pamadegan, kahayang, jeung pangalaman sacara tinulis.
- 2) Latihan ngalarapkeun basa nu merenah.
- 3) Ngajembaran pangaweruh utamana widang pragmatik.
- 4) Ngamotivasi siswa sangkan resep tur parigel dina nulis surat.

#### b. Guru

- 1) Mikanyaho kamampuh siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa pikeun bahan evaluasi.
- 2) Mikanyaho pangaweruh siswa ngeunaan surat.
- 3) Mikanyaho kamampuh siswa dina nulis surat.

### 1.6 Anggapan Dasar

Nurutkeun Suyatna (1994:3) anggapan dasar téh nya éta salasahiji bebeneran, téori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan nu geus teu dipasualkeun deui bener salahna, dina prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui.

Nu jadi anggapan dasar dina ieupanalungtikan nya éta:

- 1) Maké tatakrama basa dina kahirupan sapopoé mere gambaran tahap budi pekerti hiji jalma.

- 2) Ku make tatakrama basa, hiji jalma bisa najénan diri sorangan jeung bisa ngajénan nu lian.
- 3) Tatakrama basa Sunda geus kurang dipaké di kalangan rumaja Sunda, lantaran dianggap hésé.

### 1.7 Wangenan Operasional

- 1) *Tatakrama (undak usuk basa)* nya éta panta-panta basa atawa tingkatan basa anu dipaké pikeun silih hormat jeung silih ajénan dina hirup kumbuh masarakat Sunda.
- 2) *Basa Sunda* nya éta basa nu dipaké ku salasahiji sélér bangsa Indonesia nu nyicingan daérah Jawa Barat.
- 3) *Surat* nya éta alat atawa sarana komunikasi pikeun nepikeun katerangan, laporan, gagasan, kahayang, jeung pangalaman ka jalma séjén dina wangun tinulis.
- 4) *Siswa kelas X SMA Pasundan 8* nya éta sajumlahing siswa anu keur nyukeruk élmu di SMA Pasundan 8 anu karék mimiti nincak SMA sabada lulus ti SMP.

